

Kòman pou redui kantite rat ki genyen ozalantou restoran kote moun manje deyò yo

Si restoran ou an ofri espas kote pou moun manje deyò, ou dwe pran mezi pou w kontwole rat yo ak lòt bèt nwizib yo. Restoran yo responsab pou yo jere rat ki genyen ozalantou estrikti kote moun manje yo, ki gen ladan lè rat yo fè nich yo (ke yo konn rele twou rat yo) nan pye bwa nan lari ki akote yo. Swiv pi bon pratik sa yo pou evite gen rat nan espas kote moun manje ak nan nenpòt pye bwa nan lari ki ozalantou yo.

Netwaye chak jou

- Netwaye ak jete byen vit nenpòt manje ki tonbe. Rat yo sèlman bezwen yon ons manje pa jou pou yo siviv, kidonk sonje pou w byen netwaye. Sonje ke vyolasyon règ kont bèt nwizib yo nan espas kote moun manje deyò yo konte nan lèt klasman yo bay nan enspeksyon an.
- Lave tout espas kote moun manje deyò yo, ki gen ladan espas ki anba yon platfòm ki elve. Epitou, sonje pou w lave twotwa yo ak bò lari yo ki ozalantou restoran ou an avèk savon ak dlo oswa yon solisyon ki gen 10% klowòks (1 tas klowòks pou 2 galon dlo) chak swa apre w fin fèmen epi ankò avan w ouvri restoran an. Ou pa ka itilize solisyon klowòks sa a pou sifas kote yo konn met manje sou yo.
- Netwaye anba estrikti a ak gwo presyon pou retire nenpòt rat epi dekouraje yo pou yo pa fè nich yo anba estrikti a.
- Retire nenpòt vye dlo.

Jere fatra ou

- Mete gwo sachè plastik epè anndan poubèl yo anvan w mete fatra ladan yo. Mete yon moso twal ki tranpe nan yon solisyon ki gen 10% klowòks anba ak anwo chak sachè fatra avan w fèmen sachè a byen sere pou w anpeche l koule.
- Sonje pou w gen ase poubèl pou met tout fatra yo ant lè yo vin pran yo epi chak poubèl dwe gen yon kouvèti ki ka fèmen byen sere.
- Al met poubèl fatra bò lari a pi pwòch lè y ap vin pran yo a nan mezi sa posib. Poubèl fatra ak resiklaj yo pa ta dwe rete bò lari a pandan plis pase dezèdtan. Planifye ak sèvis k ap vin pran fatra lè presi pou yo vin pran yo pou w ka redui kantite tan fatra pase bò lari a pou rat yo pa gentan vin ladan yo.

Enspekte chak jou

- Enspekte espas kote moun manje deyò yo, espas kote yo met fatra, po flè yo oswa pye bwa yo ki nan lari a chak jou pou w asire yo pwòp epi pa gen rès kras manje oswa pa gen tras rat yo.
- Itilize yon flach pou w enspekte espas ki anba teras kouvri w lan.
- Si w jwenn gen tras aktivite rat yo, tankou kaka rat oswa twou rat, fè pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib ou a byen enspekte epi netwaye estrikti a.

Travay ak yon pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib ki gen lisans

- Operatè restoran yo oblije gen yon kontra ak yon pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib ki gen lisans pou kontwole bèt nwizib yo anndan restoran an. Travay ak pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib ou a pou kontwole rat yo nan espas kote moun manje deyò nan restoran ou an.
- Sonje pou konpayi ou anboche a gen lisans Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la. Pou verifye lisans li, rele 718-482-4994 oswa al sou **dec.ny.gov**.
- Byen antann ou ak pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib ou a lè n ap travay, eksplike l byen klè kisa ou vle l fè epi siveye kòman l ap fè travay la. Operatè restoran yo ta dwe byen enspekte espas kote moun manje deyò a ansanm ak pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib la chak fwa yo vizite epi travay avèk yo pou n elimine rat yo.
- Si rat yo ap fouye twou oswa y ap viv nan estrikti restoran an, ou **dwe sispann ofri sèvis pou moun manje deyò** pandan pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib ou a ap elimine rat yo epi trete zòn lan. Epitou, ou ka bezwen repare espas kote moun manje deyò ou a pou w ka dekouraje rat yo vini avan w rekòmanse ofri sèvis pou moun manje deyò ankò.
- Si w gen yon platfòm elve, fè pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib ou a enstale yon sistèm pyèj pou kenbe rat ki ka reziste kont move tan ozalantou perimèt la epi siveye zòn lan pou si gen tras aktivite rat yo. Yo entèdi moun itilize pyèj ki pa sekirize oswa poud pou swiv rat yo, paske rat yo ka repera yo epi simaye yo toupatou, sa ki ka kontamine espas kote moun manje yo.

Pa kite gen rat nan pye bwa yo ki nan lari toupre restoran

- Règ yo pou pwogram Open Restaurant (Ouvri Restoran) an (ki pèmèt restoran ak bar ki kalifye yo agrandi espas pou moun chita deyò sou twotwa yo, bòdi ri yo, lakou dèyè yo, galri yo, plas yo ak ri ki ouvè yo) entèdi eleman manje yo pou yo kouvri pye bwa ki nan lari a, pou yo ba li lonbray oswa vi an kontak avè l, oswa pou yo nan limit distans yon pye de yon pye bwa Vil la. Lè w mete estrikti ou a toupre yon pye bwa ki nan lari a sa ap ankouraje rat yo fè aktivite epi yo ka fè dega nan pye bwa a. Si estrikti restoran ou an deja toupre pye bwa yo ki nan lari a, ou dwe pran mezi pou anpeche gen rat epi pwoteje pye bwa a.
 - Si gen twou rat nan pye bwa yo ki nan lari a, fè pwofesyonèl ki konn kontwole bèt nwizib ou a trete twou rat yo oswa fè l enstale sistèm pyèj pou kenbe rat ki ka reziste kont move tan yo.
 - Yo ka enstale griyaj tisi ti twou an metal (griyaj 1/2-pous; kalib galvanize 16) kòm yon sifas dlo ka penetre nan chouk pye bwa yo pou anpeche rat yo retounen nan twou yo apre tretman. Pa itilize griyaj ki gen gwo twou — rat yo ka pase ladan yo byen fasil.
 - Travay sa mande pou w gen yon pèmi pou fè travay nan pye bwa nan men Depatman Pak ak Lwazi (NYC Department of Parks and Recreation) NYC a. Pou w aplike pou pèmi an, al sou **nycgovparks.org/services/forestry/forestry-application**.

- Pa itilize siman, vè oswa lòt materyèl danjre nan chouk pye bwa ki ka fè pye bwa oswa bèt kay yo ki konn fouye chouk pye bwa yo mal. Yo estrikteman entèdi simante chouk yon pye bwa.
- Netwaye espas yo ki ozalantou pye bwa a souvan epi pa janm mete fatra sou oswa toupre pye bwa a.
- Deplase oswa chanje enstalasyon pou moun manje deyò ou a pou respekte règ Open Restaurant yo si w gen yon pati nan restoran w lan ki kouvri yon pye bwa ki nan lari, bay li lonbray oswa touche li, oswa ki nan limit distans yon pye de yon pye bwa Vil la.

Kontwi oswa repare estrikti kote moun manje ou a pou anpeche bèt nwizib

- Nenpòt espas vid estrikti kote moun manje a kreye ka vin tounen yon "refij" pou rat yo — sa vle di yon kote rat yo ka kache oswa fè nich yo. Sa gen ladan espas ki anba estrikti kote moun manje a ak espas ki anndan mi estrikti ou a si espas anndan mi an vid. Pou kontwole bèt nwizib yo, moun dwe ka antre nan espas sa yo byen fasil lè y ap fè enspeksyon ak netwayaj. Konstwi oswa repare estrikti ou a nan fason pou ka antre nan espas vid ki atè yo ak nan mi yo:
 - Kite kote pou drenaj pase anba atè kote pou moun chita yo. Estrikti kote moun manje a pa dwe bloke drenaj dlo lapli pou anpeche l rive jwenn bòdi lari a oswa koule arebò lari a.
 - Konstwi pòt atè a ki ouvè pa anlè nan platfòm estrikti a pou yo ka fè enspeksyon pi fasil.
 - Kite mi yo ouvè ant klou yo pou gen yon wotè anviwon 16 pous.
 - Si gen twou rat nan po flè ki ozalantou estrikti a, vide po flè yo pou retire tout tè ak materyèl rat yo te fè nich yo epi ranplase yo ak yon ank oswa yon baryè ki plen dlo otou yo pou fè baraj.
 - Sonje pou oumenm oswa anplwaye ou yo toujou mete gan enpèmeyab epi lave men nou souvan lè n ap jere tè oswa materyèl ke rat yo ka kontamine avèk pipi oswa kaka rat. Bay anplwaye ou yo gan sa yo.

Resous yo

- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou prevansyon kont bèt nwizib nan restoran yo:
 - <https://www1.nyc.gov/site/doh/business/permits-and-licenses/rats-business-owner.page>
- Pou w jwenn fòmasyon gratis sou prevansyon ak jesyon rat:
 - Rat Information Portal (Pòtay Enfòmasyon sou Rat): [nyc.gov/rats](https://www1.nyc.gov/site/doh/business/permits-and-licenses/rats-business-owner.page)
 - Rat Academy Training (Akademi Fòmasyon sou Rat): <https://www1.nyc.gov/site/doh/services/rats-control-training.page>
- Aprann plis sou Open Restaurants:
 - [nyc.gov/openrestaurants](https://www1.nyc.gov/site/doh/business/permits-and-licenses/rats-business-owner.page)